**दिन—मंगलवार** **दिनांक—02.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ लोकसभा मे जनौलनि जे हुनक सरकार भारत प्रथमक आदर्श वाक्य सँ चलैत अछि आओर भ्रष्टाचार बर्दाश्त नहि करबाक नीति के भेल लोकसभा चुनाव मे लोकसभक समर्थन भेटल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे हुनक सरकार सभ लेल न्याय आओर किनको तुष्टीकरण नहि करबाक नीति अपनौने अछि। प्रधानमंत्री लोकसभा मे दुनू सदनक संयुक्त बैसक मे राष्ट्रपति द्रौपदि मुर्मूक अभिभाषणक धन्यवाद प्रस्ताव पर जबाब दैत जनौलनि जे ओ विपक्षक दर्द समझि सकैत छथि। ओ जनौलनि जे दुष्प्रचारक बादो विपक्ष के लोकसभा चुनाव मे हारक सोझा करय पड़ल। श्री मोदी आम चुनाव मे परिपक्व सोच आओर समझ देखेबाक लेल देशक जनताक प्रशंसा कयलनि। ओ जनौलनि जे लोकसभ हुनक सरकारक नीति, इरादा आओर समर्पण पर भरोसा जतौलनि आओर एन.डी.ए के तेसर बेर लगातार सत्ता मे लयबाक लेल भोट कयलनि। श्री मोदी जनौलनि जे हुनक सरकार सबका साथ, सबका विकास मंत्रक संग काज कऽ रहल अछि। चर्चा पर प्रधानमंत्रीक जबाबक बीच कतेको मुदा पर विपक्षी सांसद सभ विरोध प्रदर्शन कयलनि।

---

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा एन.डी.ए. दिस सँ राज्यसभा लेल उम्मीदवार होयताह। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी ई जनतब देलनि। श्री कुशवाहा राज्यसभा उम्मीदवार बनाओल गेला पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर एन.डी.एक सहयोगी दल के धन्यवाद देलनि। ध्यातव्य अछि जे नवादा लोकसभा क्षेत्र सँ भाजपाक विवेक ठाकुर आओर पाटलिपुत्र लोकसभा क्षेत्र सँ राजदक मीसा भारती के निर्वाचनक बाद बिहार सँ राज्यसभाक दू सीट रिक्त भऽ गेल अछि। उपेन्द्र कुशवाहा लोकसभा चुनाव मे काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ एन.डी.ए उम्मीदवारक रूप मे चुनाव लड़ने छलाह जे ओ हारि गेलाह।

---

बिहार विधान परिषद मे विधान सभा कोटाक एक रिक्त सीट लेल एन.डी.ए दिस सँ जदयूक भगवान सिंह कुशवाहा आइ अपन नामांकनक पर्चा दाखिल कयलनि। एहि मौका पर जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित एन.डी.एक कतेको पैघ–पैघ नेता सभ छलाह। आइ नामांकन करबाक काज समाप्त भऽ गेल। भेटल जनतबक अनुसार अखन धरि कोनो आन उम्मीदवार नामांकन पत्र नहि भरलनि अछि। जाहि सँ एन.डी.ए उम्मीदवार के निर्विरोध निर्वाचन तय मानल जा रहल अछि। ध्यातव्य अछि जे ई सीट राजदक रामबली सिंहक सदस्यता समाप्त कयल गेलाक बाद सँ खाली अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आई राजभवन मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर सँ भेटघाट कयलनि। भेटल जनतबक अनुसार एहि बीच दुनूक बीच विश्वविद्यालय मे कुलपतिक नियुक्ति के लऽकऽ चर्चा भेल।

———————————————————————

केन्द्रीय मंत्री आओर जदयू नेता राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी द्वारा काल्हि कयल गेल टिप्पणीक आलोचना कयलनि। ओ आरोप लगौलनि जे राहुल गांधीक भाषण मे सार आओर सच्चाई दुनू नहि अछि। श्री सिंह जनौलनि जे राहुल गांधी विपक्षी नेताक बेस पैघ पद संभारलनि अछि परंच हुनक भाषण सार्वजनिक रैली जेहेन अछि। श्री सिंह आरोप लगौलनि जे श्री गांधी तथ्य पेश करबाक बदला सोझे आरोप लगबैत छथि।

———————————————————————

मॉसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पश्चिम क्षेत्र मे कतेको ठाम भारी बारिश भेल अछि। सिवानक बड़हरिया मे दू सय बीस दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, सिवान सदर मे एक सय अंठानवे दशमलव छओ, लकड़ी नबीगंज मे एक सय छियानवे दशमलव चारि आओर गोरियाकोठी मे एक सय एकानवे दशमलव चारि मिलीमीटर वारिश भेल अछि। ओतहि, कतेको आनो–आन ठाम अस्सी मिलीमीटर सँ लऽकऽ एक सय पचास मिलीमीटर धरि बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच सारण, भोजपुर, वैशाली, अरवल, गया, सिवान, गोपालगंज,

मुजफ्फरपुर, पटना, कैमूर, रोहतास आओर मधुबनी जिला मे किछु ठाम भारी बारिश जखनकि, आनो–आन क्षेत्र मे मध्यम बारिश भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आओर प्रदेश मे भऽ रहल बारिशक कारण गंडक, बागमती, कमला–बलान, कोसी, महानंदा आओर परमान नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। बागमती नदी सीतामढ़िक रून्नीसैदपुर, कमला–बलान मधुबनीक झंझारपुर, महानंदा नदी पुर्णियाक ढेंगराघाट आओर परमान नदी अररिया मे खतराक निशान सँ बेसी भऽ गेल अछि। ओतहि, कोसी नदीक जलस्तर सुपौलक बसुआ आओर खगड़ियाक बलतारा मे लाल निशानक लऽगपास आबि गेल अछि। गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंजक डुमरिया घाट मे खतराक निशान सँ छियासठि सेटीमीटर कम दर्ज कयल गेल अछि।

———————————————————————

एम्हर, भऽ रहल वारिशक कारण कतेको ठाम पानि लागि गेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे भागलपुर मे कतेको सड़क पर दू सँ तीन फीट धरि पानि लागि गेल अछि। बेतियाक गवर्मेंट मेडकल कॉलेज अस्पतालक कतेको वार्ड मे बारिशक पानि चालि गेल अछि। ओतहि, हाजीपुर आओर नवादा सदर अस्पताल मे सेहो पानि लागि गेल अछि। पटनाक कतेको क्षेत्र मे सेहो पानि लागि गेल अछि।

———————————————————————

नीट परीक्षा रद्द करबाक मांग के लऽकऽ छात्र राजद आइ पटना मे प्रदर्शन कयलक। राजभवन मार्च लेल आयल प्रदर्शनकारी सभ के पुलिस इन्कम टैक्स गोलंबर पर रोकि देलक। एहि बीच पुलिस आओर प्रदर्शकारी सभक बीच नोक–झोक सेहो भेल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।